


### BAB III

#### TRANSKRIPSI DAN TERJEMAHAN CERITA LAIRE JOKO TARUB

Transkripsi ialah perubahan wicara menjadi bentuk tertulis, biasanya dengan menggambarkan tiap bunyi/fonem dengan satu lambang (Kridalaksana, 1982:170). Transkripsi cerita *jemplung* mengikuti prinsip 'pemindahan secara setia'. Artinya, semua ucapan dalam dipindahkan ke bentuk tulisan, yakni keadaan teks agar tidak jauh berbeda dengan rekaman. Akan tetapi transkripsi ini bukanlah transkripsi fonetik (Kridalaksana, 1982:44) yang sesungguhnya, sebab transkripsi ini bercampur dengan bahasa tertulis. Hal ini dimaksudkan agar pembaca mudah membaca teks cerita lisan. Adapun unsur-unsur bahasa tertulis, misalnya, tampak pada penggunaan tanda baca dan huruf besar.

Konsekuensi prinsip 'pemindahan secara setia' ialah kata-kata baik yang diucapkan dalam maupun *panjak*, yang berupa: salah ucap, makna tidak jelas, salah menggunakan kata, dan dialek; ucapan itu ikut dipindahkan ke bentuk tulisan. Dalam upaya agar pembaca dapat memahami teks, khususnya untuk cerita *Laire Joko Tarub* (LJT), kata-kata tersebut dicatat dan diberi penjelasan seperlunya (lihat catatan halaman 88).

Ejaan ialah penggambaran bunyi bahasa dengan kaidah tulis-menulis yang distandardisasikan (Kridalaksana, 1982:38). Adapun sistem ejaan yang dipergunakan di dalam transkripsi cerita LJT ialah 'Pedoman Ejaan Bahasa Jawa yang Disempurnakan' yang diterbitkan oleh Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa



(1976). Apabila di dalam pedoman ini ada hal-hal yang belum diatur, atau kurang jelas, misalnya penulisan kata majemuk, peneliti mengacu pada 'Pedoman Ejaan Bahasa Indonesia Yang Disempurnakan' (EYD).

Ejaan kata-kata bahasa Arab dalam penelitian ini diperlukan sebagai berikut. Untuk menjaga keaslian dan menghormati cara kerja orang lain, kata-kata bahasa Arab yang ditulis dalam skripsi ini seperti yang dilafalkan dalam *jemplung*, misalnya *sholat*, *selawat*, *ngibadah*, dan sebagainya. Kata-kata bahasa Arab yang sudah meresap ke dalam bahasa Jawa dan Indonesia ditulis menurut logat Jawa dan Indonesia.

Penerjemahan ialah pengalihan amanat antar budaya dan/atau antar bahasa dalam tuturan gramatikal dan leksikal dengan maksud efek atau wujud yang sedapat mungkin tetap dipertahankan (Kridalaksana, 1982:128). Moeliono (1977:1) mengatakan bahwa kita tidak mungkin membuat terjemahan kata demi kata di antara bahasa yang berbeda strukturnya jika harus dipahami dengan tepat.

Bahasa teks cerita LJT ialah bahasa Jawa baru yang mengandung idiom bahasa lisan yang hidup di masyarakat. Idiom-idiom ini dicoba dipahami sesuai konteks kalimat dan hubungannya dengan budaya setempat. Oleh sebab itu, penerjemahan cerita LJT mengikuti prinsip 'penerjemahan bebas', artinya teks cerita LJT diterjemahkan secara bebas, tidak terikat oleh struktur bahasa yang digunakan oleh dalang, dengan catatan tidak menyimpang dari konteks kalimat dan konteks budaya masyarakat pendukungnya.

Prinsip lain yang dianut dalam penerjemahan ini adalah prinsip Nida dan Taber (Nida dan Taber dalam Hutomo, 1993:20), yaitu pemindahan amanat (*message*) dengan memperhitungkan situasi dan kondisi bahasa penerima. Disamping itu, masalah lain yang perlu diperhitungkan di dalam penerjemahan adalah gaya penceritaan. Cerita *jemblung* pada dasarnya mengandung dua gaya penceritaan, yaitu gaya prosa dan gaya puisi. Gaya prosa adalah gaya penceritaan yang tidak terikat oleh aturan-aturan tertentu misalnya, aturan pembarisan, persukukataan, dan lain-lain. Di dalam bahasa Jawa gaya prosa disebut dengan *gancaran*. Sedangkan gaya puisi adalah gaya penceritaan yang memperhitungkan aturan-aturan tertentu. Dalam skripsi ini gaya prosa dipindahkan dengan memakai gaya prosa, dan gaya puisi dipindahkan dengan gaya puisi.

Teks cerita LJT yang ditranskripsikan dan diterjemahkan ini berasal dari rekaman tanggal 20 September 1997, di Dusun Tambangan Desa Badal Kecamatan Ngadiluwih, Kediri. Teks cerita LJT terdiri atas tiga bagian. Masing-masing bagian dinamakan: Pendahuluan, Batang Tubuh, dan Penutup.

Bagian pendahuluan cerita LJT berupa pengantar/sambutan singkat dari dalam *jemblung* sebagai pembuka cerita. Bagian batang tubuh cerita terbagi lagi menjadi beberapa bagian yang disebut babak. Panjang babak antara yang satu dengan lainnya tidak sama. Dalam batang tubuh terdiri dari cerita prosa yang berbentuk naratif (*kandha*), dilagukan (*janturan*), dan dialog pelaku cerita.

Untuk mengetahui pembagian antara pendahuluan, batang tubuh, dan penutup, teks cerita LJT disajikan sebagai berikut.

(1) Pengaturan bab demi bab.

Bab I: Pendahuluan, Bab II: Babak Pertama, Bab III: Babak Kedua, Bab IV: Babak Ketiga, Bab V: Babak Keempat, Bab VI: Babak Kelima, Bab VII: Babak Keenam, Bab VIII: Babak Ketujuh, Bab IX: Babak Kedelapan, Bab X : . Babak Kesembilan, Bab XI: Babak Kesepuluh, Bab XII: Babak Kesebelas, Bab XIII: Babak Keduabelas, Bab XIV: Babak Ketigabelas, Bab XV: Babak Keempatbelas, Bab XVI: Babak Kelimabelas, Bab XVII: Babak Keenambelas, Bab XVIII: Babak Ketujuhbelas, Bab XIX: Babak Kedelapanbelas, Bab XX: Babak Kesembilanbelas, Bab XXI: Babak Keduapuluh, Bab XXII: Babak Keduapuluh satu, Bab XXIII: Babak Keduapuluh dua, Bab XXIV: Babak Keduapuluh tiga, Bab XXV: Babak Keduapuluh empat, Bab XXVI: Penutup

(2) Setiap lima baris diberi angka, dan urutannya sebagai berikut: 5, 10, 15, 20, dan seterusnya. Angka ditempatkan di sebelah kiri teks.

Untuk memudahkan mengutip dan agar lebih bersifat komunikatif, maka cara penulisannya sebagai berikut. Jika peneliti mengutip, misalnya:

"Koyo santri ac."

"Dhalang jemblung kabeh santri." (p.10-11)

Maka penulisan bagian yang terdapat dibelakang kutipan berarti: mengacu pada pendahuluan, dan angka 10-11 mengacu pada nomor baris pada bab yang bersangkutan.

### 3.1 Traskripsi Teks Cerita Laire Joko Tarub

#### I

#### PENDAHULUAN

(Janturan:) Ngandikane, *yalloh-3x, wajib islam kaweruhono rukun islam iku limo, sepisan maca syahadat kapindho nglakoni sholat, olaniro, amin-16x ya alloh robbal alamin.*

(Kandha:) Nahanto kocap kacarito teko mangkono, (*ladala*) pundi to kinaryo bebukane carito ing dalu mangke, namung miwiti crito pedhalangan jemblung. Kathah curenggan ing tulis kureping langit lumahing bumi, dinukup sedalu tan wonten pamedhote. Miwiti crito pedhalangan jemblung.

*Audzubillaahiminasyaithonirrojim bismillaahirrohmaanirrohim alhamdulillaahir robbil 'alamin arrohmaanirrohim maaliki yaumiddin.*

10 "Koyo santri ae."

"Dhalang jemblung kabeh santri. Idep-idep antarane dhalang jemblung arep sholat. Yen sholat ki neng mesjid, neng langgar, utowo neng tempat mushola. Syukur marang Pengeran ganjarane neng suwargo. Dhalang jemblung ngene iki ngalap berkahe panitia, ganjarane neng suwargan."

15 "Suwargo, suwargan kuwi bedo to."

"Nek suwargo mbesuk neng akherot, nek suwargan iku saking Gudang Garem."

"Ngono to."

20 "Ngombe wedang milih sing adhem, pring Jawa ngge lanjaran. Nek rabi golcka cah Gudang Garem, riyoyo oleh lebaran.." (*ladala*)

## II

## BABAK PERTAMA

(Kandha:) Namung to kabuko dinten kolomangke, pundi kinaryo bebukane carito, namung ambuko jejering dalem kadhipaten Tuban. Wiyosanipun nalendro Tuban Prabu Wilwotikto. Wiyosan pasewakan dinulu saking mandrowalon denno ngendiko.

- 5 (Janturan:) Ngandikane, *yalloh-5x, Indonesia wis merdhiko nganggo dhasar Poncosilo, ayo konco mbangun bongso lan negoro, amin-21x ya allah robbal alamin.*

(Kandha:) Noto Tuban Tumenggung Wilwotikto. Wiyosan pasewakan wonten ndalem kadhipaten sinowanan poro kadang nayakane pojo, ngincupaken asta  
10 ngangklungaken jangga, nirwakaken perkarane geger guruh swara nira.

(Janturan:) *Ladula, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah robbal alamin.*

(Kandha:) Wiyosan si nalendro pinarak wonten ing kursi gadhing singgangsono, ngadhep dhampar kencono. Sinowanan poro kadang nayakane pojo, kang nyrepepeh-  
15 nyrepepeh koyo konjo moneng watu. Sinten ingkang ngincup tangan soho ngangklungaken jangga, namung rekyana Patih Supogati. Wiyosan pasewakan dinulu saking mandrowalon denno ngendiko.

(Janturan:) Ngandikane, *yalloh-5x, wajib islam kaweruhono rukun islam iku limo. Plesir sore nyang kutho Dhiri, ngesir adhike mbakyune meri, amin-21x ya  
20 allah robbal alamin.*

"Rekyana Patih, (*yongono-2x*) Supogati kang marak sowan ing ngarsonira, winengku basuki sowane. (*e, yongono-2x*) Pekenira enggal matur, sun midangetnoik kanthi premati. (*yotoyo*) Supogati wrongkonira kangadhep neng ngarsa-ningsun."

25 *Mumpung urip sucenono wrongkonira, mbesuk mati ola sopo kang nyuceni, ojo lali wong urip mung mampir ngombe, ya allah-2x ya rosululloh.*

"Sowan kulo wonten ngarso, namung mboten langkung sembah bekti, (*layono*) mug i konjuk wonten ing ngarso paduka."

30 "He, Patih Supogati. Maremane podho winengku karaharjan sowanira aneng sithinggil kadhipaten Tuban." (*yo*)

"Nuwun, ngestokaken dhawuh katimbangan, Sinuwun. (*yoiyo*) Tan manggihi rubedo menapa-menapa. Namung kulo nyaosaken sungkemeng pangabekti, konjuk sak andhap paduka mawantu-wantu." (*yono*)

35 "Iyo, iyo. Banget panarimaku Yayi, tak tanpa kanthi gawe renaning penggalih. Ora liwat pujo pangestuku tampanono."

"Nggih, grawalan kulo mundhi kulo."

"Nyai Ratu, podho winengku karaharjan?" (*yotoyo*)

40 "Nuwun ngestokaken dhawuh timbalan Kanjeng Dhipati. Tan manggihi rubedo menapa-menapa, mboten langkung kulo ngaturaken pangabekti konjuk ngerso Panjenengan ndalem." (*ladala*)

"Yo, tak tampa kanthi gawe renaning penggalih, ora liwat pujo pangestuni pun kakang tampanono."

45 "Grawalan anggen pamundhi kulo Sinuwun, katampi tangan kekalih soho kapundhi ndadosaken jimat."

50 "Yo, yo, sokur mangayubagyo. He, poro kadang nayakane projo kabeh. Poro tumenggung, poro senopati, poro RT, poro RW, poro lingkungan. (*iyono*) Ayo podho bareng-bareng melu ngormati kamardhikane negoro sing wis suwene 52 taun. Nggone lurahe orkesan, nggone carike orkesan, nggone RT kulonan yo keseniane dhewe sing diarani Jemblung Gaya Baru, sing dirawuhi sedulurku soko Seketi yokuwi mas Mohammad Seger, murid UNAIR sing bakal ngrekam, bakal dipriksakake neng perguruanane."

(Janturan:) *Lao sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-21x ya alloh robbal alamin.*

55 "Biyung adhi-adhiku dhi bocah wadon-wadon. (*yoiyo*) Sak sik wohe wilwo lho Dhi. Wonga mbakyu ora koyo awak-awake aku, ngetan dienyek ngulon disemoni. Yah mene tibakne nyang warung jajane tempe, mbok telo-telo dionceki."

"Ah, kok iso."

60 "Sajak ane soyo ketok gedhe, wong tuwo ra ndang mikir yo tak golek dhewe, yokuwi digoleki."

"Lha kok ngeyel lho."

"Pancen yo ngono lho, Dhi. (*laiyo*) Jajale, nandur lombok nek pinggir kali, nandur lombok disiram banyu."

"Ah, tenune."



65 "Butuhe nyang pondhok sekolah ngaji, ning perkoro ngesir cowok lakyo perlu. Kedhiri lak kuthone, sing dadi lak slirane, sing dadi lak nyatane, penting lak penampilane."

"*Jik sore tompal tampil.*"

70 "Biyung-biyung, mulo sing ngati-ati lho Dhi, ojo podho nganti katalompen. Suwe ora tau jamu, lepet ngge larean. Suwe ora tau melu, angger wani ngglibet neng kulonan yo oleh bageyan. Wis, ayo enggal podho sowan ing ndalem kadhipaten yo, Dhi." (*ayoyo*)

(Janturan:) *Solatulloh bibismillah wabilhadi rosulillah, amin-21x ya allah robbal alamin.*

75 "Nyai Ratu."

"Nuwun, ngestokaken dhawuh timbalan, Sinuwun."

"Tak gagas soyo mranu, (*lajyoto*) amung mikirake marang si putramu Joko Said. (*ladala*) Suwe ora ono timbul marang dalem kasultanan gek menyang ngendi?"

80 "Nggih, kulo piyambak dereng saged mastani, tesih dereng saged matur, Sinuwun. Nggih monggo dipun rantos sauntawis."

## III

## BABAK KEDUA

(Kandha:) Kocap kacarito wiyosanipun dhipati Tuban Tumenggung Wilwotikto. Pepak anggen poro kadang nayakane projo, nginango dereng abrit, tibo a dereng dumawah. Kesaru sowanipun Joko Said dinten kolomamangke.

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah  
5 robhal alamin.*

"He, anakku ngger mas, Said. Podho winengku keslametan yo ngger Said."

"Inggih, ngestokaken dhawuh timbalan Romo, tan manggihi rubedo menapa-menapa. Namung sembah kulo konjuk ngerso panjenengan paduko dalem kanjeng Romo."

10 "Iyo, yo, banget panarimaku."

"Anakku ngger Joko Said, podho winengku karaharjan yo, Ngger." (*yoyo*)

"Inggih, ngestokaken dhawuh timbalan kanjeng Ibu."

"Iyo sokur mangayubagyo yo, Ngger. (*yotoyo*) Mulo ojo podho nganti katemen kepenakno sowanmu."

15 "Anakku Said."

"Nuwun kanjeng Romo."

"Aku krungu ujure mbok bakul sambiworo, ramene wong dedagang pasar, surake poro dene andriyo njobo. Opo iyo kowe nglakoni mbegal, ngampak, maling, ngccu sak panunggalane? Nggawe kerugiane marang dene pemerintah, nggawe

kerugiane marang agomo, nggawe kerugiane marang lingkungan. Mbok lakon sing ngono dilereni to, Ngger. (*laiyoto*) Ojo nganti mbok terus-terusake dino iki."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-18x ya allah robbal alamin.*

"Said, kowe kudu mbangun miturut, mituhu opo sing dadi dhawuhe wong tuwo. (*yo*) Kuwi tondho-tandhane anak iso mikul dhuwur mendem jero. (*lakala*) Kok jare mendhem jero kuwi sak deder sak mene ora, kok mikul dhuwur njur sak pring sakujur ora ngger. Bisa ngluhurake asmane wong tuwo-tuwo, sing dadi ngendikane wong tuwo. (*iyono*) Enggal podho ditindakake."

*"Rungokna, l.e."*

"Opo dene sing dadi dhawuhe pemerintah. (*lakala*) Kamardhikane negoro sing wis suwene 52 taun. Ayo podho ngisi marang kamardhikan. Isine kamardhikan diisi marang pembangunan, pendidikan, perekonomian, ngolah pertanian, KUD, koperasi lan liyo-liyane. (*iyoyo*) Mulo kabeh podho nentremake marang penggalih."

(Janturan:) Kabeh rakyat, (*yongono-2x*) podho mrengeti kamardhikane negoro, (*liyoto*) 17 Agustus wayahe. (*e, yongono-2x*) Kamardhikane negoro suwene 52 taun, kabeh rakyat wis podho ngerti. Ing kutho ndeso plosok lan kampung, persil lan gunung-gunung. Gumregut sengkut bebarengan podho melu mrengeti, (*yoyo*) kamardhikane negoro kito. (*lakala*)

"17 Agustus sing wis suwene 52 taun, (*yo*) kamardhikane negoro. Rakyat berbondong-bondong bersatu padu, bertekad bulat, melu ngleksanakake pembangunan pendidikan, (*layo mesthino*) lan pertanian, perekonomian lan

nggalakake pengijoran, nggalakake olah ragawan, nggalakake siskamling. Lan podho mbudidoyo marang katentremane projo. (*laiyomo*) Mulo kabeh rakyat podho mrengeti kang wis dipren-tahake 52 taun kamardhikane negoro. Metu soko cengkeremane  
45 bongso Londo, (*yo*) siskamling dikembangake."

"Yo, iyo."

"Mulane, pring kuning pringe Jowo petung, (*iyoyo*) pring petung digawe bethek."

"Ah, kok iso."

50 "Siskamling kudu dijogo, (*yo mesthino*) nek suwung mundhak dingampiri cewek."

"Nah, gek poskamling ngendi lo kuwi, Kandang Sapi popiye."

"Mulo sing ati-ati konco yo, podho bebarengan sengkut gumregut, melu cawe-cawe konco iki dino yo."

55 (Janturan:) *Lao, wajib islam kaweruhono rukun islam iku limo olaniro, amin-12x ya allah robbal alamin.*

"He, Said. Lamun kowe ora gelem nglereni anggonmu nglakoni mbegal, ngampak, maling sak panunggalane. Kowe dadi pimpinan YPK, yayasan pengaco keamanan. Kuwi sasat gagal yokuwi ngrusak marang pranatan, kudu minggat soko  
60 ing kadhipaten."

(Janturan:) *Ladala, lao sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-21x ya allah robbal alamin.*

## IV

## BABAK KETIGA

(Kandha:) Sak oncatipun bagus Joko Said, (yo) sinten ingkang petrek-petrek, ingkang rayi pun Dewi Rosowulan dinten kolomangke.

(Janturan:) *Lao, Indonesia wis merdhiko nganggo dhasar Poncosilo olaniro, amin-16x ya allah robhal alamin.*

"Romo dhipati Tuban Menggung Wilwotikto sembahan pundhen kulo, pangabekti kulo lo Romo." (yo)

"Yo, tak tompo ngger Rosowulan, ora liwat pangestuku tampanono."

"Grawalan pamundhi kulo, Romo. (yo) Kanjeng Romo, badhe taken, kangmas Joko Said tindak pundi?"

"Kangmasmu Joko Said pamite jare mbebedhak."

"Yen ngaten, kulo badhe nderek lo Romo, badhe nderek."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-18x ya allah robhal alamin.*

"He, wah yo, putro loro lungu bareng, ning yo kepeneran njur wong loro kuwi temantenan. Ora ono sing bakal ngganggu gawe, (iyono) tur ora ono sing bakal ngrintangi."

"*Laiyono, mbendino ngungsep.*"

"Nyai Ratu."

"Nuwun, ngestokaken dhawuh timbalan." (laiyo)

20 "Si putramu Joko Said ngoncadi tlatah kadhipaten. Mugo-mugo diparingono ridlo dening Alloh Subhanallohu Watangala. Bisò ngilangono lakon sing elek njur elingo lakon sing apik, kareben yokuwi diungkurake lakon sing olo. Ayo nyuwun marang pengeran wcktu dino iki. Ayo podho bebarengan nyuwun marang dene ridloning Alloh Subhanallohu Watangala."

25 (Janturan:) Ngandikane, *yalloh-3x, kembang jarol lintang rino ojo lali esuk olaniro, amin-21x ya alloh robbal alamin.*

## V

## BABAK KEEMPAT

(Kandha:) Kocap kacarito koyo mangkono, Joko Said ingkang oncad saking tlatah kadhipaten. *(Iha)* Gegancange wong carito sidiking padonganan mbeling kawit. Namung ambuko to dinten kolomangke, ing-kang njejeri lan oncade Joko Said dinten kolomangke medal saking tlatah kadhipaten. *(Iadala)* Ontabing poro kadang nayakane projo, gegere njobo koyo gabah den interi.

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah robbal alamin.*

(Kandha) Ontabing poro prajurit ing kadhipaten Tuban, *(yo)* nungko lampahipun Joko Said dinten kolomangke. Dinulu saking mandrowalon, nyuwun dateng ridlane Allah Subhanallohu Watangala, sranane moco sholatwat dinten kolomangke.

(Janturan:) Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh, 'alayaasin habibillah.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh, 'alayaasin habibillah.*

Ngaturi priksa poro pamiarso, sepuh anem ageng alit sedoyo, sugeng rawuh tindak paduko, pinarak ingkang sekeco.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh, 'alayaasin habibillah.*

Bareng-bareng moco selawat, supoyo tambah imane kuwat, ngelmune  
biso manfangat, slamet neng ndonya nganti akhe-rot.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh,  
'alayaasin habibillah.*

Mulo kabeh konco kancaku, bebarengan tolabil ngilmu, manut piwulange  
kiyai lan guru, kang supoyo tentrem uripmu.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh,  
'alayaasin habibillah.*

Indonesia negoro kito, presidene bapak Suharto, wakile bapak Tri  
Sutrisno, dadi pimpinan mbangun negoro.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh,  
'alayaasin habibillah.*

Iki jaman wis kemajuan, kutho lan ndeso ora ketinggalan, ngleksanakne  
kabeh pembangunan, sing penting teteping iman.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh,  
'alayaasin habibillah.*

Etan gunung kulon yo gunung, sing tengah dalane grasak, neng kono  
bingung neng kene bingung, manuto pemrintah klawan ulama.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh,  
'alayaasin habibillah.*

Mulo kabeh poro konco, lanang wadon anom lan tuwo, ngelingono urip  
neng ndonya, limang wektu podho lakonono.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh,  
'alayaasin habibillah.*





Mulo kabeh bocah-bocah, lanang wadon sing sregep sekolah, SD klawan madrosah, iku kabeh biso masalahah.

45

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh, 'alayaasin habibillah.*

Naliko putrane laer, wong tuwane kabeh podho mikir, ojo nganti dadi wong kafir, dadiyo wong islam sing ahli pikir.

50

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh, 'alayaasin habibillah.*

Mulo kabeh poro sedulur, lanang wadon ayo podho syukur, supoyo negarane adil lan makmur, ojo nganti podho ngawur.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh, 'alayaasin habibillah.*

55

Santene toya kelopo, pager kawat neng tengah kutho, cekap semanten selawat kulo, monggo ngaso sauntoro.

*Sholatulloh salamulloh, 'alatoha rosulillah, sholatulloh salamulloh, 'alayaasin habibillah.*

## VI

## BABAK KELIMA

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah robbal alamin.*

Ngandikane, *yalloh, Indonesia wis merdhiko nganggo dasar Poncosilo, ayo konco sanauran yalloh-3x olaniro, amin-24x ya allah robbal alamin.*

- 5 (Kandha:) Kocap kacarito teko mangkono, (*yo*) ora amung ambuko kadhipaten Tuban, gantiyo kang wilusito dinten kolomangke. (*laiyoto*) Tiyang crito tebih kinaryo celak, celak tan kinaryo tebih, (*iyono*) namung ambuko ingkang ndrengik wonten ing kadhipaten Mbanyumas. (*ladala*) Dipati Mbanyumas pepak anggen poro nayakaneng projo, Brojo Indro, Brojo Musti, Brojo Kusumo, Brojo Lamatan, dinulu saking
- 10 mandrowalon.

(Janturan:) Ngandikane, *kembang jarol lintang rino yo parak esuk olaniro, amin-21x ya allah robbal alamin.*

"He kadangku Dhi, (*yo*) kang tansah sowan ngapurancang ono ing kadhipaten Mbanyumas."(*ladala*)

- 15 "Inggih kakang dhipati Brojo Indro sesembahan kulo." (*yo*)

"Podho winengku karaharjan, Yayi." (*yo*)

"Tan manggihi rubedo menapa-menapa, ginanjar kawilujengan. Kulo ngaturaken sembah sungkem konjuk ngerso panjenengan paduko dalem."

"Yo, tak tompo kanthi gawe renaning penggalih, (*ladala*) pangestunipun  
20 kakang tampanono Yayi."

"Nggih, grawalan pamundhi kulo." (*yo*)

"Brojo Kusumo, Brojo Lamatan, (*yo*) kang wis podho marak sebo (*ho'oh*) ono  
ing kadhipaten. (*iyono*) Opak yo opak, njaluk gonceng budhal nyang Kediri."

"Ah, kok iso."

25 "Senggak yo senggak, (*laiyo*) gedhang goreng karo ote-ote kudu disambi."

"*Ladala, dhalang kok akeh omonge to yo.*"

"Doh kono doh kene dol omonge. Coro kowe ora omong ora digolekne  
plastikan."

"*Yo mesthi no, ora diweki ote-ote.*"

30 "Ora diweki ote-ote."

"*Yotoyo, yoyo, ayo Ndhuk, ayo Ndhuk.*"

"Eh oh eh, kang wis podho marak sebo, Dhi. Kadhipaten Tuban kena  
waraking pengeran moho suci. (*ladala*) Wong loro sore esuk mati, wong loro esuk  
sore mati, (*ladala*) wong nutu ketutu alune. (*laiyoto*) Ketrajang pagebluk  
35 mayangkoro, Dhi. Biso waluyo sejatine waluyo kalamun aku nglakoni sambut  
suwitane kromo alamaking prenoyo. (*lha*) Ora ono putri kang ayu kejobo Dewi  
Rosowulan, Yayi." (*yo*)

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya alloh  
robhal alamin.*

40 "He, poro prajurit kadhipaten, (*yo*) ora biso waluyo sejatine waluyo lamun aku  
ora mondhong Dewi Rosowulan."

"Beh, bocahe ayu pisan."

"Aku nek mikirake Rosowulan ki rujak beton diingkepi, awan katon."

"Yoh, yoh. Tenane lho, tenane."

45 "Turu mureb katon mester, (*laiyo*) turu mlumah ketok tratap seng."

"Ah, tenane lho."

"Turu miring ketok tembok, (*wiyuh*) miring ngulon ketok tamba-ngan."

"Ndahane lek plungkar plungker."

"Layak, layak, ehm. Kacange campur gulo, mangan peyek remuk-remuk."

50 "Ah, kok iso."

"Dhalange dhudho, golek-golek rung entuk-entuk."

"Wah, layak klisikan ae."

"Mulo sing ngati-ati ojo nganti katalompen."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya ulloh*  
55 *robhal alamin.*

"Aeh, Rosowulan. Kowe lagi tak rasani teko, bacuto wae bacut."

(Janturan:) *Lao, Indonesia wis merdhiko nganggo dhasar Poncosilo olaniro, amin-*  
60 *16x ya ulloh robhal alamin.*

"Oh Rosowulan, clekenuk teko neng ngarepku wong ayu."

60 "Teko ngono, yo mesthino."

"Manuto dadi garwanipun kakang yo, Dhi. Wong ayu dhenok deple omah  
gandhok bale emper."

"Elah, tenane."

"Manuto tak lelo-lelo." (*laiyoto*)

65 (Janturan:) "Pitik ireng, (*yongono-2x*) buntut iro mobal putih, simbok nganten noleho sedhelok, (*laiyoto*) kanggo nulak brantane. (*e, yongono-2x*) Parinon tinutu tanggung simbok nganten impinyo nampi. Gebyok malang tengah margo, krentege wong ayu."

70 *Mumpung urip sucenono wrongko niro ayoyo, mbesuk mati ora nono kongkon nyuceni, ojo lali wali-3x mukmin, ya alloh-2x ya rosululloh.*

"Gilar-gilar ulatnyo ndamar kanginan, wong ayu nek mesem den incrit-incrit, (*laiyoto*) murungne wong lungu sonjo."

"Weh, manuto tak emban, tak pondhong yo, Dhi. (*yo*) Kowe tak lelo-lelo, kowe bakal tak jak mukti ngawibowo bau dendho nayaka agung. Sinembah poro kadang nayaka projo Dhi, ono tlatah kadhipaten Mbanyumas. (*nah*) Kowe sinengkakake ngaluhur ono ndalem kadhipaten."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya alloh robbal alamin.*

80 "Lha, Sinuwun. Meniko Rosowulan mboten wonten. Namung seboning poro kadang nayakaneng projo, ingkang sampun pepak andhar sowan pasewakan ono ndalem kadhipaten." (*ladula*)

"Lha, Rosowulan manuto yo Dhi."

"He'eh manut."

"Kowe manuto dadi garwanipun kakang yo wong ayu."

- 85 "Yo, wis."
- "Digonceng liwat Trate."
- "Weh, tenane lo kuwi."
- "Kowe lek manut tak weki gedhang goreng karo ote-ote." (*welch-welch*)
- "Kudu manut, (*iyono*) ojo nganti podho katalompen. Gedhang goreng  
90 diwadhahi."
- "Ah, kok iso."
- "Digonceng ngiras diithik-ithik."
- "Nah molet-moletno, ngengkel ae."
- "Oh, dadi garwanipun kakang, manuto wong ayu."
- 95 (Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah  
robhal alamin.*
- "Weh, ladala. Aku ratu sugih, bondho yutan."
- "Tenane lho kuwi."
- "Pengen numpak montor."
- 100 "*Montore dhewe.*"
- "Pengen numpak mersi."
- "*Mersine dhewe.*"
- "Pengen mangan soto."
- "*Sotone dhewe.*"
- 105 "Pengen mangan sate."
- "*Satene dhewe.*"
- "Pengen mangan iwak pitek."

"Yo piteke dhewe."

"Mangan ndhok."

110 "Endhoke dhewe, ndahane lek empur."

"Endhok pitek ra enak, endhok bebek ra enak."

"Ah, tenane."

115 "Jarene uwong-uwong sing enak endhoke moro tuwo, (*yo mesthimo*) ora nyepasari, ora nyetauni, ora nyekolahne. Telo - telo adhahe pireng, moro-moro kerek nyandhing. Oh, manuto dadi garwanipun kakang yo, Dhi. Ojo podho nganti katalompen wong ayu."

(Janturan:) *Lao, wajib islam kaweruhono rukun islam iku limo olaniro, amin-16x ya allah robbal alamin.*

120 "He, prajurit kadhipaten, ojo njur kepenak anggonmu turu. Kepenakno anggonmu nyambut gawe. (*yo*) Njur kelingkung marang dene anggonmu podho ora mikirake marang kusakane marang negoro, kusakane marang pemerintahan, kusakane rakyat. Ayo podho ngupadi Dewi Rosowulan."

(Janturan:) *Lao, wajib islam kawruhono rukun islam iku limo olaniro, amin-16x ya allah robbal alamin.*

## VII

## BABAK KEENAM

(Kandha:) Kocap kacarito teko mangkono, namung prajurit kadhipaten Mbanyumas.  
 (yo) Pepak andher anggenipun medal saking paschan pasowanan, (votoyo) cancut tali  
 wondo, cancut tali cincing, tali wondo tali-tali ingkang macincing. (yomo) Asta den  
 kepel, brengos den plintir, nggendhong tumbak opodene manggul tumbak, lan  
 5 nyengkelit pedhang lan jemparing, geger poro wadyaning bolo.

(Janturan:) *Lao, Indonesia wis merdhiko nganggo dhasar Poncosilo olaniro, amin-  
 16x ya allah robbal alamin.*

(Kandha:) Medal saking paschan pangorangan koyo gabah den interi, (lha) pating  
 bleber, pating pencolot. Golong-golong ngetan, golong-golong ngulon, koyo  
 10 bantheng mambu sendawa. Penonton mambu wedhak, geger.

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah  
 robbal alamin.*

"Heh, sopo prajurit malang-malang koyo ondho, nyrimpet koyo dhadhuk.  
 Kowe sopo?"

15 "Mijil soko kadhipaten Mbanyumas kang aran yokuwi Prabu Brojo Kusumo.  
 Kowe sopo?"

"Aku putro Tuban, Joko Said. Lha prejurit semene akche nggowo gaman  
 tanpo diwrangkani."

"Bakal nggoleki putri sing ayu, sing aran Dewi Rosowulan."



20 "Karepmu?"

"Bakal tak boyong marang bumi kadhipaten Mbanyumas. (*nah*)

"Rosowulan kuwi kadange Joko Said, ra tak keparengake."

"Pareng mbacut, ra pareng mbacut."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah*  
25 *robbal alamin.*

"Weh, ora keneng digawe becik, wani mbalekake bariseng prajurit soko ing kadhipaten Mbanyumas. (*yo*) Keleno pangendhamu seting panu tombak njrebabah bathangmu."

(Janturan:) *Ladala, lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x*  
30 *ya allah robbal alamin.*

(Kandha:) Perang tandhing bero poncokoro. (*laiyo*) Jorok-jinorok, bindhi-binindhi, pedhang-pinedhang, godoginodo. Leno pangendhane prajurit ing kadhipaten Mbanyumas, kecandhak wangkingane lan kaubeng, kaumbul dadiyo janmo kabanting ambruk kapiloro.

35 (Janturan:) *Lao, wajib islam kawruhono rukun islam iku limo olaniro, amin-16x ya*  
*allah robbal alamin.*

"Ayo prajurit Mbanyumas, amuk suro mroto joyo mroto. (*yo*) Imbang-imbange podho kon podho mongso bodhoa, ngantuke prajurit tan mamerake kadigdayan lan kasudiran."

40 (Janturan:) Agama islam, (*yongono-2x*) biso mahanani katentremane ndonya nganti akherote. (*e, yongono-2x*) Lamun kabeh podho syukur manut printahe kang moho suci, manut marang piwulangwe ulama, sembahyango limang wektu.

*Mumpung urip sucenono badaniro, mbesuk mati ola sopo kang nyuceni,*  
45 *ajo lali wali-3x mukmin, ya alloh-2x ya*  
*rosululloh.*

Podho ngelingono lanang lan wadon, wong urip cadhangan pati, senajan mati yen wis nggowo iman lan islam.

## VIII

## BABAK KETUJUH

(Kandha:) Mongko kocap kacarito koyo mangkono. (*ladala*) Ora mulat ambuko mung ngaturaken kadhipaten Tuban. Inggang dinten kolomangke, inggang ngupadi inggang raka pun raden Joko Said, diyah ayu Rosowulan petrek-petrek dinten kolomangke.

- 5 (Janturan:) *Ladala lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah oluniro, amin-21x  
yu alloh robbal alamin.*

- "Biyung-biyung, adoh soko ing kadhipaten Tuban. Aku ora tego lan genah ora gelem pisah marang panjenengane kangmas Joko Said. Mbok srahojo tanpa jaitan, (*laiyono*) tekane mbogog ora paitan. Biyung-biyung, kangmas Joko Said. (*yoyo*)  
10 Mulane jaran mogok neng pinggir kali, ditaleni ben ora iyog-iyog, ben ora gogrok. Kapok ora ilok jenenge golek kenalan pemudha sak iki."

"*Ah, tenane.*"

"Bar diladeni, tibake lha kok nylingker ndhok njobo."

"*Ah mosok.*"

- 15 "Biyung-biyung jajale, nandur telo godhonge kluweh, ninggal sing Mojo tibake sing Sumatra mulih. (*ladala*) Kuwi jenenge wong pener-kepeneran. Jajalto, mulo age-age wektu dino iki. Kedhiri lak kuthane, (*laiyoto*) godhong kopi rak bitinge. Sing dadi lak nyatane, pokok lak yo nyandhinge. (*laiyo*) Biyung, kangmas Joko Said nyang ndi paranmu bakal nderek lho, Kangmas nderek."

20 (Janturan:) *Lao, Indonesia wis merdhiko nganggo dhasar Poncosilo olaniro, amin-16x ya allah robbal alamin.*

(Kandha:) Kocap kacarito, dongaku yo ora mung ambuko pun diyah ayu Dewi Rosowulan, ingkang to dinten kolomangke badhe ngupadi kangmas ipun Joko Said dinten kolomangke. Angudoroso sawetoro alon dennyo ngendika.

25 (Janturan:) *Ngandikane, yallah, wajib islam kawruhono rukun islam iku limo, salamun alaih amin-21x ya allah robbal alamin.*

"Kangmas Joko Said, neng endi padununganmu to, Kangmas? (*luyyo*) Iki dino kowe ngetan mlebu sampek dene marang laladane nogo. Ngetan ndrawasi ngulon ndrawasi, tetep bakal tak ngupadi. Kangmas Joko Said, endi papan dunungmu tetep tak goleki lho Kangmas dino iki."

30

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah robbal alamin.*

## IX

## BABAK KEDELAPAN

"Eh, ono bocah wadon mlaku ijen, sopo?"

"Aku putri Tuban Dewi Rosowulan. Kowe sopo?"

"Prejurit soko Mbanyumas sing aran Brojo Endro aku. Kowe wong wadon mlaku ijen. Gothe tales ireng, timbang budhal dhewe mulih dhewe, sak iki mlaku bareng lungguh bareng. Nek iso yo turu bareng." (*Iha*)

"Biyung-biyung, aku ra sudi. Aku ra srengtholen, karo dene aku ora genyolen. Kembang pring njomplang, (*laiyo*) semut ireng merambat tembok. Karepe cah lanang ki nek nyandhing paling gampang, (*yo mesthino*) nek meteng sing sambat yo wong wedlok."

"*Iha, ayo Ndhuk, ayo Ndhuk, mamuto Ndhuk.*"

(Janturan:) *Lao, wajib islam kawruhono rukun islam iku limo olamiro, amin-16x ya alloh robhal alamin.*

"Rosowulan."

"Ora, nek opo?"

"Kowe manuto."

"Aku ora sudi, karo dene aku ora genyolen, tiptip krim. Pasar Pagu rak bukak sore, gelem aku rak yo enak deke. (*heh, iyono*) lyung-iyung, minggato kono. Iki lho, wong kok nggatel ati, manas ati. Wong kenekan kok dikenek-kenekke. Aku mbesuk yo emoh, sak iki yo emoh."

"*Ah, tenane.*"

"Biyung, ngaliho rono."

"Ngalih yo ngalih, ning karo kowe."

"Biyung-biyung, nggendong gulo kok kemanisen. Jajale, wong klambi amoh kok nyanthel."

"*Ah, kok iso.*"

"Diomongi emoh kok yo panggah ngengkel. Mangan gedhang wedange kopi, mangan canthel wedange teh. Dadi pemudha jaman sak iki, ra direwangi ngengkel nek tambangan kidul gak oleh-oleh."

"*(Kongge lo.*"

"Iyung, aku rasudi, rasudi."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olamiro, amin-26x ya allah robbal alamin.*

## X

## BABAK KESEMBILAN

"Aku tak umpetan ae. Aku tetep ra pethuk karo kangmas Joko Said, terus aku bakal dikuyo-kuyo klawan dene poro prajurit. Aku tak nylingker mlebu alas kenc."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-21x ya alloh robbal alamin.*

5 "Iyung, ngetan nyang Ngronggo ngliwati Jetis, (*iyono*) klambi putih klambine ijo. Bareng ngejak lungu nggowo gadhis, mulih oleh loro. (*ladala*) Mulo, jajal to pikiren, (*yo mesthino*) lomboke nek tegal. Jajal to, lomboke nek tegal, beseke ngge janganan. Cowoke ko Mbadhal, ceweke ko Tamanan. Mulo diati-ati lho Dhi, diati-ati."

10 (Janturan:) *Lao, wajib islam kawruhono rukun islam iku limo olaniro, amin-16x ya alloh robbal alamin.*

"Oalah mbakyu tak kandhani. Klambi putih suwale dowo, (*laiyoto*) menyang sawah mangan es lilin. Mulih-mulih lola, sak iki yo kudu prihatin."

*"Ho'oh no."*

15 "Lek gak prihatin piye, tinggal ibu sekaliyan, mulo sing ngati-ngati. Coba to, ojo nganti katalompen. Nyuwun marang gusti Allah Subhanahu Watangala, diparingono kekuatan keimanan, rejeki sing kalal, sing jembar, ngelmu sing manfangat ndonya akherot, diparingono anak sing soleh lan solekah, netepi marang dhawuhe Allah Subhanahu Watangala. Qul ati'ullohuwaati'urrosul lilamri mingkum,

20 manut printahe Alloh Subhanahu Watangala. Manut marang dene yokuwi printahe lan manut marang dhawuhe pemerintah sing ono yo, Dhi."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya alloh robbal alamin.*



## XI

## BABAK KESEPULUH

(Kandha:) Wiyosan pasewakan. Dewi Rosowulan ingkang arso pepasi kadangipun  
Joko Said. Gegancange wong carito cedheking pagedhongan, ingkang wonten ing  
kasunanan Bonang. Kanjeng Sunan Bonang Sayid Rohman sinowanana sokabat Rojo  
Kasan, dinulu saking mandrowo.

5 (Janturan:) *Allohuma sholi wasalim 'ala, sayidina wamaulana muhammadin,  
adamdama biismillahisholata, ta'ilmatan bidawali mulkillahi.*

*Allohuma sholi wasalim 'ala, sayidina wamaulana muhammadin,  
adamdama biismillahisholata, ta'ilmatan bidawali mulkillahi.*

10 Podho ngelingono kang urip sing ono ndonya, limang wektu bebarengan  
lakonono, lamun sopo sembahyango kang sempurno, diganjar diparingi  
manjing suwargo.

*Allohuma sholi wasalim 'ala, sayidina wamaulana muhammadin,  
adamdama biismillahisholata, ta'ilmatan bidawali mulkillahi.*

15 Mulo konco kancaku urip neng ndonya, podho rukun klawan konco lan  
bongso, podho manuto reng printahe negoro, jojo podho tukar padu  
sakbendino.

*Allohuma sholi wasalim 'ala, sayidina wamaulana muhammadin,  
adamdama biismillahisholata, ta'ilmatan bidawali mulkillahi.*

20 Nyang pasar Atom bebarengan golek ember, nandur jowar iku ditanduri  
timun, mau pilihan umum kabeh kampanye podho geger, yen wis bubar  
ayo kabeh podho rukun.

*Alohumma sholi wasalim 'ala, sayidina wamaulana muhammadin,  
adamdama biismillahisholata, ta'ilmatan bidawali mulkillahi.*

25 Nyang Kedhiri liwato kutho Ngronggo, wong nek nyang nge POM podho kabeh nggowo curigen, dino iki rukun bongso klawan sak konco, lanang wadon ojo podho nganti kong- iren.

*Allohuma sholi wasalim 'ala, sayidina wamaulana muhammadin,  
adamdama biismillahisholata, ta'ilmatan bidawali mulkillahi.*

30 Ngelingono kabeh poro adhik-adhik, lanang wadon iku gedhe cilik, sak bendino bebarengan podho didhidhik, kang supoyo kabeh ngerti dadi wong becik.

*Allohuma sholi wasalim 'ala, sayidina wamaulana muhammadin,  
adamdama biismillahisholata, ta'ilmatan bidawali mulkillahi.*

(Kandha:) Kocap kacarito namung to wiyosanipun ono ing ndalem kasunanan  
35 Bonang. Namung Kanjeng Sunan Bonang Sayid Rohman, nimbali poro murid, poro sokabat, dipun ajak gegantri wonten ing ndalem kasunanan, menggalihaken dateng kamardhikane negari, lan kamerdhikane bongso lan negoro, ingkang tansah matuhi dateng dhawuhe pemerintah. (*nah*) Tan katimbangan nggrojok tanpo laladan.

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya alloh*  
40 *robhal alamin.*

"He, sokabat Imam Kasan. (*yoh*) Podho mangayubagyو sowanmu aneng ndalem kasunanan Bonang."

"Inggih, ngestokaken dhawuh timbalan Kanjeng Sunan, tan manggihi rubedo menopo-menopo kawulo ginanjar kawilujengan. (yo) Kulo ngaturaken pangabekti  
45 konjuk ngerso panjenengan ndalem."

"Iyo, syukur mangayubagyo. Ojo podho kanthi karep mergo iki mikirake marang keguyuban, (yo *mesthino*) ngumpulake poro kadang noro projo melu-melu cawe-cawe yokuwi mriyahake kamerdhikane negoro sing wis suwene 52 taun."

"Rungokno, Le."

50 "Jajal, ning yokuwi kacange dowo-dowo. (*laiyoto*) Kacange dowo-dowo, waluhe blonceng dikelo lodheh."

"Kok iso lho."

"Rehne dhalange dhudho nyamikane trimo gedhang goreng karo ote-ote. (*biyuh-biyuh*) Tapi yokuwi, mangan es lilin Pandhean, paro edhing kudu kebageyan.  
55 (*yo mesthino*) Jajale to, neng creng-creng nandur terong, bar gedhang goreng oleh lonthong. He, diadani konco dino iki, ayo podho ngaso sauntoro."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah robbal alamin.*

"Eh, tak nglipur ati." (yo)

60 (Janturan:) "Pembangunan, (*yongono-2x*) titi mongso iki, dileksanakne pemerintah lan rakyat. (*laiyono*) Bareng-bareng tumandange, (*e, yongono-2x*) ratan, jembatan lan gunung-gunung podho kabeh, wis podho ngerti. Ayo bebarengan ngleksanakne pembangunan kanthi langsung."

65 *Mumpung urip sucenono sopo niro ayoyo, mbesuk mati ola sopo kang nyuceni, lakyo wali-4x mukmin, ya allah-2x ya rosululloh.*

"Rakyat kutho, ndeso, kampungan, pegunungan lan persil, sayekti sayuk sacko proyo."

70 "He, Sokabat. Piye anggonmu podho noto ijasahe guru mursidmu kabeh. Anggonmu podho mikirake bab yokuwi wacan sholawat lan liyo-liyane. Sing sopo sregep moco sholawat ki tondho-tondho mulo jejeg marang dene pengeran, jejeg marang dene poro rosul. (*nah*) Sholawat opo wae kang katindakake kuwi bakal mahanani katentreman, (*iyoyo*) mahanani marang dene kamulyan, mahanani marang dene kasidan, (*vah*) ojo podho nganti katalompen iki dino."

75 (Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya allah robbal alamin.*

"He, sokabat Imam Rojo Kasan. Aku bakal njajah deso milang kori. (*yo*) Bakal nitik-nitik marang dene Jowo etan, koyo opo papan Jowo etan iki dino." (*layo*)

## XII

## BABAK KESERBELAS

(Janturan:) *Ngandikane, o yalloh, yalloh-3x wajib islam kawruhono rukun islam iku limo, kembang jarem lintang rino jare esuk, olaniro, amin-21x ya alloh robbal alamin.*

(Kandha:) Sinten ingkang tindak namung Kanjeng Sunan Bonang Sayid Rohman.  
5 Sayid ki yokuwi Sayid Maulana Ibrahim, (yo) ingkang sampun kadherekaken sokabat Imam Rojo Kasan, lan sokabat Kosim dinten kolomangke. (laiyo) Ojo njajah deso milang kori, sinten to dinten kolomangke ingkang mrangguli namung kanjeng nggih meniko Joko Said ingkang mrangguli Sunan Kalijogo. Sebab Joko Said ingkang kulino nglampahi mbegal ngampak maling lan sapanunggalane.

10 (Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya alloh robbal alamin.*

(Kandha:) Namung to Joko Said dinten kolomangke, ingkang tumindak nglampahi mbegal, ngampak, maling lan ngecu, mrangguli Kanjeng Sunan Bonang dinten kolomangke.

15 (Janturan:) *Lao, Indonesia wis merdhiko nganggo dhasar Poncosilo olaniro, amin-16x ya alloh robbal alamin.*

"He, mandheg-mandheg Kiyai, mandheg!"

"Kowe sopo?"

"Aku Joko Said putro Tuban. Njaluk penganggomu, njaluk kaduwekanmu."

20 "E, Joko Said. Gek opo sing tak gawe lan sing tak gawa gek urung sepiroa."

(Kandha:) Namung Kanjeng Sunan Bonang nduding wontenipun wit aren woheng kolang-kaling kang ono ing kono.

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya alloh robbal alamin.*

25 (Kandha:) Namung Kanjeng Sunan Bonang, wit aren wohing kolang kaling katuding dados mas-masan, lajeng dipun dumuk kaliyan Joko Said.

"Ee ladala, iki ono wit aren wohing kolang kaling. (yo) Supoyo aku nglereni lakon sing elek, ngelingi lakon sing apik. Yo, tak suwito Kanjeng Sunan Bonang."

(Janturan:) *Lao, Indonesia wis merdhiko ngunggo dhasar Poncosilo olaniro, amin-30 16x ya alloh robbal alamin.*

"Kanjeng Sunan Bonang, kulo sampun panjenengan paringi wisudo lan panjenengan paringi isaroh. (yo) Kulo ngelingi wontenipun wit aren wohing kolang kaling supados ngendeli lelakon kulo ingkang awon, lajeng ngelingi lampahan kulo ingkang sac, lajeng kulo supados nindakaken lampahan ingkang manut ridlonipun  
35 Alloh Subhanahu Watangala. (yoh) Mugi-mugi kaparingono ridlo, kaparingono nggih meniko ridlonipun Alloh Subhanahu Watangala, diparingi iman ingkang kiyat, gesang ingkang sampurno, diparingono inggih meniko panjang umur, tansah netepi inggih meniko dhateng darmane Alloh Subhanahu Watangala, paringono kajembaran sedayanipun dinten kolomangke."

(Janturan:) Ngandikane, *o yalloh, yalloh-3x Indonesia wis merdhiko nganggo dhasar Poncosilo, pager kawat neng pinggir embong, kuwat ra kuwat yo gotong royong, olaniro, amin-21x ya alloh robbal alamin.*

"Joko Said."

"Nuwun."

"Kowe sak iki tak kon nglakoni topo ngluwang, (*yo*) suwene 100 dino. Aku iso nompo pasuwitanmu. Dadi, Pak Mahsun nyangking ember, godhong jowar ngge rambatan timun."

"Ah, kok iso."

"Arepe piliman umum kampanye podho geger, ning bar kuwi kudu rukun, (*iyono*) mikirake pembangunan nasional. (*yoiyo*) Ketane bumbu, nggac capil mlaku nyang kebun."

"Ah, kok iso."

"Negarane wis Orde Baru, Edi Tansil dadi buron."

"Iha, anyur iki."

"Inggih, ngestokaken dhawuh."

"Ayo, iki dino nglakonono yokuwi topo ngluwang iki dino. Enggal-enggal biso kaleksanan yo."

## XIII

## BABAK KEDUABELAS

(Janturan:) *Ngandikane, o, yalloh-3x yarosullalloh-2x salamun 'alaih olaniro, amin-21x ya alloh robbal alamin.*

(Kandha:) Plaur to kocap kacarito koyo mangkono. (yo) Ora mung ambuko Kanjeng Sunan Bonang. Sinten ingkang kautus nglampahi topo ngluwang namung raden Joko Said. (yooyo) Sinten ingkang tansah nglayang namung diah ayu Dewi Rosowulan, ngupadi ingkang raka Joko Said dinten kolomangke. Lajeng to dinten kolomangke sampun njujug wonten ing alas dhaerah Jowo Timur. Namung diah Rosowulan nglampahi topo ngidang, ingkang supados saged to pinanggih ingkang raka pun Joko Said dinten kolomangke. (yo)

10 "Biyung-biyung, wektu dino iki abot entheng tak lakoni. Neng endi yo kang mas Joko Said bakal tak upadi. Aku bakal nasak alas wetan iki dino yo."

(Janturan:) *Lao, sholatulloh salamulloh 'alatoha rosulillah olaniro, amin-16x ya alloh robbal alamin.*



## XIV

## BABAK KETIGABELAS

(Kandha:) Kocap kacarito, namung diah ayu Dewi Rosowulan nglampahi topo ngidang ingkang suwene meh koyo topo ngalong. (yo) Namung panjenenganipun Syeh Maulana Magribi, ingkang sampun topo ngalong sainggilipun sendhang Sedayu. Sinten to ingkang kraos ngelak namung Dewi Rosowulan nglampahi topo ngidang.

